


Paske Jezi te resisite, tout moun ap resisite (Matye 28; Mak 16; Lik 24; Jan 20).



Komplete labirent la ki montre evenman ki te pase nan dènye semèn Jezi sou tè a. Lè ou rive nan chak nimewo yo, li sou sa ki te pase nan kote sa a nan lis ki pi ba a:

1. Antre nan Jerizalèm (Jan 12:12–18).
2. Netwaye tanp lan (Mak 11:15–18).
3. Patisipe nan Dènye Repa a (Mak 14:22–25).
4. Soufri nan Jetsemani (Matye 26:36–46).
5. Pase anba jijman (Lik 23:1–10).
6. Yo bat li e pase l nan betiz (Jan 19:1–12).
7. Yo krisifye l (Jan 19:15–22).
8. Li antere (Jan 19:38–42).
9. Li resisite (Matye 28:1–10).